


## ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ Хæзнидони цæргутæй рандæй 239 адæймагемæй фулдæр, уой дæр айдагъ нæлгоймæгтæ, фал ма æригон кизгуттæ дæр... Хумæллæггаг тугъдонтæй 135, сæ фулдæр хуæрзæригон уогæй, сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй гъæуи дзиллæ син ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци номерæн циртдзæвæн...***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№4 (785) 2021 анзи 10 февраль – комахсæни мæйæ



# РÆСТЗÆРДÆ БÆЛЦЦОН ЦАРДИ НÆДТÆБÆЛ ЦÆУНÆЙ НÆ ФÆЛЛАЙУЙ!..

***Зундгонд журналист æма финсæг Хæмицати Зелимхани фурт Морисбæл æрæги исæнхæст æй финддæс æма æртинсæй анзи. Æма уони бæрзæндæй æ цардвæндагмæ ракæсгæй си, æвæдзи, берæ цидæртæ æрæстæфдзæнæй, æнæмæнгæ си, берæ-берæ разиндзæнæй, сæрустур ун ин кæмæй æнгъезуй, уæхæн хабæрттæ æма æвдесæнтæ... Уони туххæй æндæр хатт бæлвурддæрæй радзордзинан, абони ба ин æ юбилейи фæдбæл арфæ кæнæн æма ин мухур кæнæн е ‘рмæгутæй кæцидæрти (6-8-аг фæрстæбæл).***

## ХАТДЗÆГТÆ ÆМА НИСАНТÆ



## ЕУ ÆНТÆСТÆЙ ИННÆ ÆНТÆСТМÆ

Цæгат Иристонии мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути Комитети сæргълæуууæг Фидарати Юрий æрæги нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембæлди рæстæг радзурдта, аци анзи ихæстæ æма нисанти туххæй.

Æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй æрæги рохс фæуууидтонцæ сери «Алайнаг библиотекæ»-йи уагъд авд киунуги. Уонæн ма гъæуама рацæуа фондз киунуги. Æдеугурæй ба аци серий уагъд æрцæудзæнæй 27 киунуги. Номдзуд ахургонд Абайти Васой райгурди 120 анзей бонмæ уагъд æрцæудзæнæнцæ е 'взурст кустити цуппар томи.

Фидари-фурт ма куд загъта, уотемæй устур æргом æздæхт цæудзæнæй æригон журналистти профессионалон дæснидзийнадæ бæрзонддæр кæнунмæ, аци анз син арæзт æрцæудзæнæй сæрмагонд исфæлдистадон ахуртæ. Уомæй уæлдай ма нæ радиой, телеуинунади, газетти редакцити ци æригон уацхæсгутæ ес, уонæн уодзæнæй фадуат Мæскуй, Петербурги телеуинунади, радио æма газетти редакцити. Аци анз ма исаразуйнаг æнцæ Цæгат æма Хонсар Иристони журналистти еумæйаг форум «Архитекториум Медиа тугъдадæ». Гъæуама фарæ арæзт æрцудайдæ, фал коронавируси фудæй фæстæдæрмæ 'й рахастонцæ. Аци форум фиццаг хатт исаразтан дууæ анзей размæ. Ка си архайдта, еци журналисттæ си хъæбæр аразийæй байзадæнцæ. Се 'рмæгути æмбурдгонд рохс фæууиндзæнæй аци анз.

## АДÆМИ ÆНÆНЕЗДЗИЙНАДÆБÆЛ АУОДГÆЙ...



## БАРВÆНДОН, ФАЛ УÆДДÆР ÆНÆМÆНГÆ ИСКÆНУЙНАГ ГЪУДДАГ

КУД ЗОНÆН, уотемæй республики райдæдта нæуæг коронавируси нихмæ вакцинаци. Куд цæуй еци куст, уой балæдæрæн адтæй, Дзæуæгигъæуи 7-аг поликлиники æрæги ци берæ адæм баййафтан, уомæй дæр. Вакцинæ искæнуни туххæй адæм ради лæудтæнцæ. Укол искæнуни размæ ба хецæн кабинети дохтир-терапевт бæрæг кодта алли æрбацæуæгæн дæр е ’нæнездзийнади уавæр.

Вакцинаци кæнуни туххæй лæмбунæгдæр хабæрттæ радзурдта аци медицинон косæндони дохтир-эпидемиолог **Юлия Жирняк**:

– Уæхуæдтæ ’й куд уинетæ, уотемæй вакцинацимæ адæм цæунцæ хъæбæр разæнгардæй. Бонæй-бонмæ дæр адæм фулдæр лæдæрун райдæдтонцæ, незæй сæ ка багъæуай кæндзæнæй, вакцинаци ке æй еци ахсгиагдæр медицинон фæрæзнæ. Гъуддагбæл хуарзæрдæмæ фæббæрæг æй, дохтиртæ адæми хæццæ æнгомæй ке косунцæ, уæдта, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ адæммæ раст игъосункæнуйнæгтæ ке хъæртун кæнунцæ, е дæр. Нур цæйбæрцæ адæм æрбаййафтайтæ, уойбæрцæ нæмæ æрбацæуй аллибон дæр вакцинæ искæнунмæ. Дзиллон вакцинаци райдæдта.

2

***Фарæ сентябрæй мæйæй фæстæмæ Цæгат Иристони 1-4 кълæсти ахурдзаутæн лæвæрд цæуй гъар хуæруйнаг. Еци хуаллаги хуæрзгъæдæдзийнади, уæдта хуæрæндæнтти санитарон уавæрти фæдбæл фарстати бадзорæн ес республики ахуради æма науки министрадæмæ. Телефонтæ 'нцæ: 8(8672) 53-49-40, 29-15-15, уæлæнхасæн – 111.***



# НАЦИОН-КУЛЬТУРОН РАЙРÆЗТИ НИСАНТÆ

ЦÆГАТ Иристони Хецауадæ нæ адæми национ-культурон ирæзти фæдбæл 2021-2025 æнзтæн ци сæрмагонд программæ исфедар кодта, уой хæццæ æрæги дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти базонгæ кодта национ рахастдзийнæдти фæдбæл Министради аналитикон ефтонги хайади сæргълæууæг Бæгъиати Сослан. Е куд фегъосун кодта, уотемæй аци программæбæл нæуæгæй куст æрцудæй, æма имæ хаст æрцудæнцæ, абониккон уавæрти уæнгæ нæ адæми национ-культурон ирæзтæн ахсгиагдæр ци фарстатæ 'нцæ, етæ. Арæзт æй дууæ дæлпрограммемæй. Фиццаги нисанеуæг æй нæ адæми национ-культурон бундор багъæуай кæнун, дуккаг ба – нæ маддæлон æвзаг багъæуай æма ирæзун кæнун.

Раздæри программæ æнхæст кæнунбæл кæд айдагъ национ рахастдзийнæдти фарстати фæдбæл Министрадæ куста, уæд нæуæг программи нисангонд мадзæлттæ æнхæст кæнунбæл архайдзæнæнцæ нæ республики культури министрадæ, фæсевæди гъуддæгути Комитет, арæзтадæ æма архитектури Комитет, мухури гъуддæгути æма дзиллон коммуникацити Комитет, Цæгат Иристони культурон бундарон объекттæ гъæуай æма си пайда кæнуни Комитет, æхсæнадон æзмæлд «Еудзийнадæ».

Программи бæлвурдæй нисангонд æрцудæй ведомствитæй кæмæн циуавæр мадзæлттæ исаразун ихæсгонд цæуй, е, æма сæ исæнхæст кæнуни æмгъудтæ. Сæйрагдæр æргом æздæхт цæудзæнæй сувæллæнттæ æма фæсевæди, нæ адæми национ культурæ, маддæлон æвзаг æма литератури лухкæнуйнаг фарстатæ æнхæст кæнунмæ. Арæзт цæудзæнæй, маддæлон æвзагбæл дзубанди гъæуама кæми игъуса, уæхæн фæлладуадзæн бунæттæ, поэтикон æма музыкалон фестивалтæ.

Уæлдай агъаз, уой хæццæ финансон агъаз дæр цæудзæнæй æригон финсгутæн сæ уадзимистæ парахат кæнунæн. Национ бæрæгбæнтти ци гъæзтитæ адтæй, уони парахат кæнуни туххæй арæзт цæудзæнæй аллихузи еристæ фæсевæди æхсæн, сæ парахат кæнунæн пайдагонд цæудзæнæй Интернети фæрæзнитæй дæр.

Финансон агъаз кæндзæнæнцæ, æригон ахургæндтæ æма студенттæй маддæлон æвзаги ирæзтбæл ка коса, уонæн. Нуртæккæ уæхæн агъаз есунцæ Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети журналистики факультети фондз студенти.

Арæзт цæудзæнæй дæсниадæ фæххуæздæр кæнуни къурситæ паддзахадон æма муниципалон оргæнти косгутæн. Уони маддæлон æвзагбæл ахур кæндзæнæнцæ дæсни æма фæлтæрдгин ахургæнгутæ.

Аци программи нисантæмæ гæсгæ геппи уагъд æрцæудзæнæй ирон-уруссаг фразеологон дзурдуат.

Нисангонд цæунцæ сувæллæнттæн мультипликацион кинонивтæ маддæлон æвзагбæл, аййевадон кинонивтæ нæ адæми хуæздæр минæвæртти туххæй. Аллихузи фестивалтæ æма æркаститæ скъоладзаутæ æма хестæр фæсевæди 'хсæн. Аци программæ балæмбунæгдæр кæнунæн министрадæн устур агъаз бакодта республики разамунд, æ сæргъи Битарти Вячеслав, уотемæй. Программи ци нисангонд мадзæлттæ ес, уонæн республики бюджетæй дехгонд æрцудæй 307,5 миллион соми.

Программæ æнхæст кæнуни гъуддаги республики берæ ведомствитæ ке архайуй, е дзорæг æй æ ахсгиагдзийнадæбæл æма ин устур ахедундзийнадæ ке ес, уобæл. Нисангонд мадзæлттæ æнхæстгæнæг специалисттæ фæстаг рæстæг ведомствити берæ ке фæззиндтæй, е нифс дæттуй, программæ æнхæстгонд ке æрцæудзæнæй æма зингæ агъаз ке фæууодзæнæй нæ адæми национ-культурон ирæзтæн федар æма бундорон къахдзæфтæ ракæнунæн.

# БАРВÆНДОН, ФАЛ УÆДДÆР ÆНÆМÆНГÆ ИСКÆНУЙНАГ ГЪУДДАГ

Уæдæй абони уæнгæ нæмæ еци кусти къулумпидзийнæдтæ нæййес. Абони бонмæ республикæ райста «Гам Ковид Вак», зæгъгæ, нези нихмæ ци хуасæ ес, уомæй 8 мин æма 820 дози. Аци бони уæнгæ бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, нæуæг коронавируси нихмæ вакцинæ Цæгат Иристони искодтонцæ 2 мини æма 369 адæймаги – етæ бал искодтонцæ вакцини фиццаг компонент. Уæдта, еуминкъий рæстæги фæсте, фæгъгъæуй дуккаг компонент искæнун, æма, вакцини дууæ компоненти дæр ка искодта, етæ ба æнцæ 533 адæймаги.

Дохтир куд загъта, уотемæй вакцинацимæ нифинсуни туххæй адæймаги æрбацæун гъæуй, æ цæрæнбунатмæ гæсгæ кæмæ хауй, еци дохтир-терапевтмæ, æма е байамонуй, идарддæр ци кæнгæй 'й, кенæ ба æнгъезуй поликлиникæмæ телефонæй бадзорун дæр.

– Фиццагидæр, вакцинаци кæнæн, æ куст берæ адæми хæццæ баст кæмæн æй, уонæн – дохтиртæн æма медицинон косгутæн, ахургæнгутæн, социалон къабази косгутæн, уæдта 60 анземæй уæлæмæ кæбæл цæуй, еци кари адæмæн, – загъта Юлия Жирняк.

Æ дзубандимæ гæсгæ, нæуæг коронавируси нихмæ прививкæ хаст æрцудæй COVID-19 профилактики æма си дзæбæх кæнуни методикон амунддзийнæдти номхигъдмæ, уæдта вируси нихмæ прививкити къæлиндармæ.

Нези нихмæ прививкæ кæнун алкæмæн дæр æнгъезуй æви нæ, еци фарстайæн дзуапп дæтгæй, дохтир-эпидемиолог загъта, вакцинаци кæнун ке не 'нгъезуй: вакцинæ ци компоненттæй арæзт æй, уонæй сæ еуемæ дæр адæймагмæ аллергиа ку уа уæд, аллергияй уæззаудæр незтæй сæйгитæн, сувæллони реуи æхсирæй ка хæссуй, еци силгоймæгтæн, 18 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, еци æнагъонтæн, ахид ка сæйгæ кæнуй, еци сæйгитæн – сæ нез уæлдай карздæр ку фæууй, еци уавæри. Инфекцион æма æнæинфекцион незтæй сæйгитæн, уæдта, адæймаг карз респираторон незæй (ОРЗ-йæй) сæйгæ ку уа, уæд еци рæстæг дæр.

**МАЛХЪАРТИ *Зæлинæ***





# МЕДИЦИНОН КОСÆНДÆНТТИ УАВÆРТÆ ФÆХХУÆЗДÆР КÆНУНИ ГÆНÆНТÆ

«УÆРÆСЕЙ Федераций æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази фиццаградон къæпхæн райаразуни туххæй» Уæрæсей Федераций Хецауади унаффæ æнхæст кæнгæй, нæ республики Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ æркастæй æма бундоронæй равзурста, нæ медицинон косæндæнттæ ци уавæри æнцæ, сæ медицинон ефтонггæрзтæ цæйбæрцæ бафехсудæнцæ, уомæ, уæдта фиццаградон медико-санитарон агъаз ка кæнуй, еци медицинон косгути мизди фарстамæ.

Еци гъуддæгутæ исбæлвурд кæнуни фæдбæл нæ республики Хецауадæ евгъуд анзи 15 декабри рахаста унаффæ, æма æ бундорбæл арæзт æрцудæй 2021-2025 æнзтæмæ «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади къабази фиццаградон къæпхæн райаразун»-и программæ. Æ фæлгæти ци мадзæлттæ арæзт æрцæудзæнæй, уони исæнхæст кæнунæн 2021 анзи бал дехгонд æрцудæй 370 991,10 мин соми.

Исæнхæсткæнуйнаг кустити номхигъд ниффедар кодта нæ республики Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ. Уордæмæ хаст æрцудæнцæ уæхæн куститæ:

– кæлæдздзаг уавæрмæ ка 'рцудæй æма ка нæбал бæззуй, уæхæн медицинон косæндæнтти бæсти арæзт æрцæудзæнæй цуппар нæуæг медицинон косæндони – Æрæдони районы Къостайгъæуи æма Рахесфарси районы Хумæллæги амбулаторитæ, уæдта фельдшерон-акушерон пункттæ Алагири районы Рæмонти гъæуи æма Ирæфи районы Мæцути;

– æхсæз медицинон косæндони æрцæудзæнæнцæ бундоронæй цалцæггонд – уонæй цуппар æнцæ Алагири районы Дзиуаригъæуи æма Црауи амбулаторитæ, Ирæфи районы Сурх-Дигори æма Горæтгæрон районы Гизæли амбулаторитæ, уæдта ма цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ Ирæфи районы центрон сæйгæдони поликлиники бæстихай æма Дигори районы центрон сæйгæдони сувæллæнтти поликлиники бæстихай;

– фиццаградон медико-санитарон агъаз ка кæнуй, еци медицинон косæндæнтти æвæрд æрцæудзæнæй нæуæг медицинон техникæ æма ефтонггæрзтæ, æдеугурæй 54 хузи;

– медицинон косæндæнтти гæнæнтæ фæуурухдæр кæнунæн æлхæд æрцæудзæнæй медицинон нисанеуæги 25 нæуæг машини.

Хуæдтолгити кой ку кæнæн, уæд нуртæккæ бал æлхæд æрцудæй 13 нæуæг хуæдтолги – æхсæз «Лада-Гранта»-йи, æхсæз «Лада»-йи æма еу «УАЗ-3136». Нæуæг хуæдтолгитæ лæвæрд æрцудæнцæ:

– Æрæдони районы Гъæдгæрони амбулаторийæн;

– Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиникæмæ хауæг Хонсайраг поселокки æма Карцай амбулаторитæн;

– Рахесфарси районы центрон сæйгæдони поликлиникæ æма Хумæллæги амбулаторитæн;

– Горæтгæрон районы Æрхонки сæйгæдонæн, Хъобани, Майскийи, Михайловски æма Гизæли амбулаторитæн;

– Мæздæги районы Терски, Троицки æма Виноградныйи амбулаторитæн.

Аци хуæдтолгитæй ласдзæнæнцæ сæйгити медицинон косæндæнттæмæ, медицинон косгути ба – сæйгитæн сæ хæдзæрттæмæ. Уомæй уæлдай ма си ласдзæнæнцæ хуастæ, медицинон æрмæгутæ, анализтæ, пайда си кæндзæнæнцæ æндæр медицинон мадзæлттæ æнхæст кæнуни кусти.

Уæлдæр ранимад программæмæ ци мадзæлттæ хаст æрцудæй, етæ æнхæстгонд ку 'рцæуонцæ, уæд уони фæрци фæххуæздæр уодзæнæй фиццаградон къæпхæни медицинон косæндæнттæн сæ материалон-техникон бундор, фæрраæвдзæдæр уодзæнæй, республики цæргутæмæ ка хъæртуй, еци фиццаградон медико-санитарон агъаз.

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, номдзуд ахургонд, кавказаг этнологий патриарх, историон наукити доктор, Иристони науки æскъуæлхт архайæг Калоти Александри фурт Бариси райгурдбæл 15 феврали æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-2006).**

*Аци анз Елхотти берæкъабазгин колледжи фæззиндзæнæнцæ нуриккон косæнгæрзтæй ефтонггонд нæуæг æрмадзитæ. Фарæ колледж рамулдта 44,2 миллион сомей бæрцæ гранттæ. Дуйнеуон стандартти аккаг ка ‘й, еци аст æрмадзей фæрци уодзæнæй зæрдæргъæвд специалисттæ цæттæ кæнуни фадуат.*



# ÆРИГÆНТТИ СÆРÆНДЗИЙНАДÆ – ДЗИЛЛÆН СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ!..



**Нæ республики физикон культурæ æма спорти министрадæ анзи дæргъи бацæттæ кодта æма бæрзонд æмвæзадæбæл исаразта 200 аллихузон турнири æма æндæр ериси. Спортуарзгутæ хуарз аргъ искодтонцæ, фехтованийæй Уæрæсей чемпионат æвзонг спортсменти ‘хсæн, Цæгат Кавкази федералон зилди чемпионат грекъаг-ромаг гъæбесæйхуæстæй, хоккейæй, мотокроссæй, рæуæг атлетикæ æма спорти æндæр хузтæй еристæ куд рацудæнцæ, уомæн.**

**Аци æма мæ берæ æндæр фарстати фæдбæл цудæй, Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар ТУСКЪАТИ Тайморазæн æрæги нæ республики физикон культурæ æма спорти министр ХУГАТИ Алани хæццæ ци косæг фембæлд адтæй, уоми.**

## НИФСХАСТ КА УА, УÆЛАХЕЗОН ДÆР Е ИСУЙ!..

Фембæлди архайгутæ се ’ргом раздахтонцæ, физикон культурæ æма спорти райарæзтæн агъаз ка ‘й, еци сæрмагонд программитæ æма проекттæ æнхæст кæнуни фарстатæмæ.

Евгъуд анзи архайди бæрæггæнæнтæбæл дзоргæй, Хугати Алан куд фæннисан кодта, уотемæй, коронавируси пандемий тæвагæй кæд еугур дуйне дæр фегъæстæ ‘й, уæддæр анзи нисантæ æнхæстгонд æрцудæнцæ. Уотæ, æ дзубандимæ гæсгæ, Цæгат Иристони спортсментæ 2020 анзи алли æмвæзади ериститæ рамулдтонцæ 300 майданемæй фулдæр, спорти мастертæмæ кандидаттæ иссæнцæ 180 адæймаги, спорти мастертæ – 40, дуйнеуон къласи спорти мастери ном ба райстонцæ 17 адæймаги.

Хугай-фурт куд фæннисан кодта, уотемæй министрадæ сæрмагонд æргом ‘здахуй, цæмæй, се ’нæнездзийнадæ цауд кæмæн æй, еци адæмæн дæр хуæздæр фадуæттæ уа спорти алли хузти архайунæн. Æма аци фæсевæд дæр спорти æнтæстдзийнадтæ æвдесунцæ – уæлдай ирддæрæй сæ арæхстдзийнадæ зиннуй уæгъдебарæ гъæбесæйхуæсти, футболи, рæуæг атлетики, дзюдой, тенниси, накæ кæнуни, коляскитæбæл фехтованийæй, тхэквондо æма спорти иннæ хузтæй. Еци æууæл Хецауади Сæрдар уæлдай ахсгиагбæл банимадта æма куд фæннисан кодта, уотемæй, се ’нæнездзийнадæ цауд кæмæн æй, еци адæм, спорти алли хузти æнтæстгинæй архайгæй, æвдесунцæ уодуæлдайдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ. Тускъай-фурт министради разамундæн бабарæ кодта, цæмæй аци къуари спортсменти уавæрмæ идарддæр дæр уа еудадзугон цæстдард.

Дзубандий архайгутæ хецæнæй æрдзурдтонцæ республики физикон культурæ æма спорти инфраструктури объектти идарддæри райрæзтбæл. Сæрмагонд программитæ æма проектти фæлгæти нури уæнгæ берæ куститæ æрцудæй конд. Зæгъæн, ахедгæ мадзæлттæ арæзт цæуй федералон проект «Спорт – цардиуагæ»-йи фæлгæти. Уотæ, проекти уагæвæрдмæ гæсгæ, балхæдтонцæ æма нури уæнгæ исæвардтонцæ «Фæллойнæ æма гъæуайкæнуйнадæмæ цæттæдзийнади» муниципалон центрти спортивон-технологон ефтонггæрзтæ (Кирови æма Дигори районти). Нури уæнгæ рахецæн æй 11 берæкъабазгин гъазæн фæзти арæзтадæ Алагири, Æрæдони, Хумæллæги, Черноярски, Змейки, Мичурини, Камбилеевки, Даргъ-Къох æма иннæ цæрæнбунæтти». Уæхæн спортивон фæзтæ нуртæккæ арæзт цæунцæ Црауи, Предгорныйи æма æндæр бунæтти. Дзæуæгигъæуи кæронмæ фæхъхъæртуй кенæ спортивон гъæбесæйхуæсти центри арæзтадæ дæр…

Хецауади Сæрдар æма профилон министр се ’ргом раздахтонцæ иристойнаг спортсментæ сæхе Олимпаг гъæзтитæмæ куд цæттæ кæнунцæ, уомæ дæр. Хугай-фурт куд фæннисан кодта, уотемæй Токиой Олимпаг æма Паралимпаг гъæзтитæмæ гъæугæ хузи бацæттæ кæнунæн спортсментæн республики еугур гъæугæ фадуæттæ дæр ес. Уой туххæй министр республики разамундæн райарфæ кæнгæй, загъта: «Цæгат Иристони спортивон организацитæ сæхебæл еудадзугдæр æнкъарунцæ паддзахади ауодундзийнадæ».

Тускъати Таймораз профилон министри бафарста, футболи академи «Алани» æ куст куд аразуй, уой туххæй дæр. Куд зонæн, уотемæй нуртæккæ еци академий ахур кæнунцæ футболмæ æмхиц ка ‘й, еци 120 æригон биццеуи республики районтæ æма Хонсар Иристонæй. Сანатори «Иристон»-мæ хæстæг ка æрбунæттон æй, еци академий бæстихайтти гъомбæладæ æма спортивон ахурадæн ес еугур фадуæттæ дæр. Академий комплекс арæзт æй дууæ футболон фæземæй, гимнастикæ, аэробикæ æма тенниси залтæй, фондзуæладзугон бæстихайæй æма æндæр гъæугæ дæлхайæдтæй. Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци анз академий исараздзæнæнцæ бассейн æма тренажерти зал дæр.

Фембæлди архайгутæ куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй байгон кæнун гъæуй, Иристони физикон культурæ æма спорти еугур хабæртти туххæй дæр лæмбунæг иформаци райсæн кæми уодзæнæй, уæхæн сæрмагонд интернет-портал. Еци техникон фæрæзни иссерæн уодзæнæй Цæгат Иристони еугур спортивон объектти номхигъд, республикон æма муниципалон кусти фæткæ æма си циуавæр секцитæ ес, спортивон галауанти циуавæр еристæ цæудзæнæй, еугур еци хабæрттæ.

Аци æма иннæ хъæппæрестæ æма проекттæбæл нур идарддæр косдзæнæнцæ министради минæвæрттæ.

## АРФИТÆ – ДЕЛЬФИЙАГ ГЪÆЗТИТИ ЛАУРЕАТТÆН

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз** æрæги фембалдæй æма зæрдиагæй райарфæ кодта, Уæрæсей нæуæдæсæймаг Дельфийаг гъæзтити цæгатиристойнаг фæсевæдæй ка архайдта æма си зингæ æнтæстдзийнадтæй ка фескъуæлхтæй, уони хæццæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, коронавируси пандемий фудæй исæвзургæ эпидемиологон уавæртæмæ гæсгæ, аци анз еци гъæзтити фулдæр хай арæзт æрцудæнцæ дистанцион фæткæмæ гæсгæ. Цæгат Иристони минæвæрттæ си архайдтонцæ фондз номинациеми æма си байахæстонцæ æхсæз призон бунати (еу фиццаг бунат, æртæ дуккаг бунати æма еу æртиккаг бунат, уомæй уæлдай, фестивали жюри Цæгат Иристони минæвæрттæн исаккаг кодта сæрмагонд приз, патриотон гъомбæладæмæ устур æргом ке раздахтонцæ, уой тухххæй). Нæкæси, Дельфийаг гъæзтити 1999 анзæй фæстæмæ архайгæй нæ республикæ сугъæзæрийнæ майдан нур фиццаг хатт райста.



Фестивали лауреатти хæццæ фембæлди рæстæг Тускъай-фурт æ радзубандий сæрмагондæй баханхæ кодта:

– Нуриккон Дельфийаг гъæзтитæ ирд æвдесæн æнцæ, дуйней адæмти историон, гуманитарон æма культурон хæзнатæ ирæзгæ фæлтæрти æнгомдæр æма гъомусгиндæр ке кæнунцæ, уомæн.

Уæлдай ахсгиаг æй, аци гъæзтитæ æма иннæ уæхæн фестивалти традицитæ гъæздугæй-гъæздугдæр ке кæнунцæ, е. Куд уинæн, уотемæй рæстæги размæцуди хæццæ фæззиннуй аййевади нæуæг цæмæдессаг хузтæ. Æма уонæн дæр урух над ес фестивалон программитæмæ. Цæгат Иристони минæвæрттæ рагæй архайунцæ Дельфийаг гъæзтити. Фал нæмæ 1999 анзæй фæстæмæ «сугъæзæрийнæ» призертæ нæбал адтæй. Æма нури гъæзтити Цæгат Иристони минæвæртти къохи уæхæн æнтæстдзийнадæ ке бафтудæй, уоми ирдæй зиннуй фæсевæди гъуддæгути фæдбæл Комитет æма хецауади иннæ къабæзти æнгом æма лæмбунæг æмархайд. Нæ республики хæццæ комкоммæ баст æнцæ Дударати Вероники, Павел Лисициани, Гергити Валерийи æма культури иннæ зунгонд архайгути нæмттæ, сæ исфæлдистадон æскъуæлхтдзийнадтæ. Æруагæс ми кæнуй, нæ абони лауреаттæн дæр сæ профессионалон архайди исонибон уæхæн æнтæстгин ке уодзæнæй, е.

Лауреатти кой искæнун дæр æнгъезуй. Дельфийаг фæсевæдон гъæзтити, «Адæмон инструменттæ», зæгъгæ, номинаций бронзæ майдан райста **Гуриати Руслан.**

Гъæзтити æвзестæ майдантæ ба исаккаг кодтонцæ Дзæуæгигъæуи **Гергити Валерийи** номбæл аййевадти колледжи фæндурдзæгъдгути къуари иуонгтæ **Плити Ацæмæз, Тауитти Виталий** æма **Икъати Давидæн**, уæдта **Тедети Азæмæтæн** (сæ еугур дæр – номинаци «Адæмон инструменттæ»: фиццаг æртæ биццеуи – къуарæй цæгъдгæй, цуппæрæймаг ба – еунæгæй цæгъдгæй). Уонæй уæлдай ма æвзестæ майдан райста **Элинæ Быкова** дæр («Аййев кæсун»-и номинаций).

Дельфийаг гъæзтити сугъæзæрийнæ майдан ба рамулдта **Сæлбити Лианæ** (е дæр – «Адæмон инструменттæ»-йи номинаций).

***

Аци фембæлдтити кой уомæ гæсгæ ракодтан, æма фæстаг рæстæгути нæ республики уæлдай устур æргом æздæхт цæуй, цæмæй фæсевæдæн равгитæ уа аййевади æма спорти, уæдта æндæр исфæлдистадон къабæзти дæр сæ искурдиадæ афойнадæбæл æма æнхæстæй раргом кæнунæн. Уой фæдбæл нæ газети фæстæдæр ма сæрмагондæй мухур кæндзинан хецæн æрмæгутæ.

## ЦАЛЦÆГ КÆНУНЦÆ СПОРТИВОН ЗАЛТÆ

2021 анзи Цæгат Иристони гъæууон скъолати цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ 7 спортивон зали. Еци нисанæн федералон æма республикон бюджеттæй дехгонд æрцæудзæнæй 31 миллион сомей бæрцæ. Еци куститæ исæнхæст кæндзæнæнцæ фиццаградон национ проект «Ахурадæ»-йи фæлгæти, сæ нисан æй гъæууон фæсевæдæн физикон культурæ æма спорти архайунæн уæлæнхасæн фадуæттæ исаразун.

Республики Ахурадæ æма науки министради пресс-служби минæвар куд фегъосун кодта, уотемæй нури уæнгæ бæлвурд æй, спортивон залтæ кæми цалцæг кæндзæнæнцæ, еци ахурадон косæндæнтти номхигъд – Раздзоги, Павлодольски, Нæуæг Бæтæхъой гъæуи, Црауи, Курттати, Берæгъзæнги æма Чиколай 3-аг скъола.

«Национ проектти уагæвæрди фæрци идарддæр дæр косдзинан гъæууон скъолати спортивон залтæ фæхххуæздæр кæнунбæл, цæмæй физикон культурæ æма спорти архайунæн уа урухдæр гæнæнтæ. 2021 анзи цалцæги пъланмæ ци спортивон залтæ бахастан, етæ рагæй базелуйнаг адтæнцæ. Ке зæгъун æй гъæуй, цалцæги фæсте залтæ ефтонггонд æрцæудзæнæнцæ гъæугæ спортивон косæнгæрзтæй», – радзурдта ахурадæ æма науки министр **Людмилæ Башарина.**



**Тугъдонтæ-интернационалистти имисæн Бон бæрæггонд цæудзæнæй 15 феврали. Еци бон 1989 анзи советон æфсæдти фæстаг къуар рацудæй Афганистанæй æма уоййадæбæл кæронгонд æрцудæй афгайнаг тугъди Советон Цæдеси архайдæн.**

***Гæрзефтонг цауæйнонтæ æртеголæ ’нцæ, силæ домбай æ бæдæлттæн æхсир кæми дардта, еци рауæнбæл. Сирд сæ ку æрæстæфтæй, уæд æ бон адтæй уордигæй фæлледзун æма фæййервæзун, фал уæхæн миуæ куд бакодтайдæ, е ‘нагъон бæдæлтти куд ниууагътайдæ?!. Æ сагъæс айдагъдæр уобæл адтæй, æма цийфæндийæй дæр æ цæуæт фæййервæ-***



***«Царди медæгæ алцæмæн дæр ес карæ. Айдагъ дæр еунæг ниййерæг мадæн нæййес карæ. Алли афони дæр нæ гъæугæ кæнуй. Ку райгурæн, ку райрæзæн, нæ кари ку бацæуæн нæхуæдтæ, уæддæр ин нæ зæрдитæй фæххецæн уæн нæ фæууй…»***

***Уотæ зæгъуй æ новеллитæй еуеми поэт æма публицист Колити Виталий. Æма уомæй ни æ хæццæ арази ка нæ уодзæнæй. Æхецæй ни ‘й ка нæ зонуй, еци гъудий æцæгдзийнадæ… Æма мадæн æ карæ нæ фæббæрæг кæнуй æ кæстæртæй зæрдрохс ке фæууй, уомæ гæсгæ. Фал ин уонæбæл ести бæлах ку исæмбæлуй, уони зин ин æвзаргæ ку рауайуй, уæдта ин е æгæрдæр ма фæббæрæг уй æ карæбæл. Æ бийнонти цæрдиуагæй райдзаст бæргæ адтæй æ зæрдæ Тауасити-Бесолти Надесæн дæр, æ зæнæги нифсдæттæг хабæрттæй.. Фал æ еци зæрдрохсдзийнадæ æрбатар æй, ци æверхъаудзийнæдтæ ин æвзаргæ рауадæй, уони уæззаудзийнадæй… Уæддæр имæ разиндтæй хъаурæ æма фæразондзийнадæ, æ иннæ кæстæрти æ рæвдуд ке гъæуй, уобæл сагъæс… Æма нæ абони дзубанди дæр уой фæдбæл æй…***

# КÆСТÆРИ ЗИН НÆ ФÆУУИНГÆЙ, БÆРГÆ, КУ ЦÆУИДÆ МАДИ ЦАРД…



**БИЧИЛТИ Алетæ,**

Уæрæсей журналистти Цæдеси иуонг

НÆ РАГФИДТÆЛТÆЙ нæмæ ци таурæхътæ æрбахъæрдтæй, уонæй еуеми куд загъдæуй, уотемæй хæпсæн, дан, æ бæдолæ уæрдуни цалхи бунмæ бахаудтæй æма æрбатæппæлæнгæ ‘й. Æ фурзинæй ин æ кæунæй банцайæн нæбал адтæй, гъарæнгæ кодта:

– Уæ мæ цæстирохс!.. Мæ еунæг ций-нæ!.. Мæ хъоппæгъдзæстæ уорсдæллагхъур хъæболæ, мæ хори тунæ!.. Уæрдуни цалхи амæттаг мин цæмæн бадæ?.. Нур ма æнæ дæуæй куд цæрдзæнæн?..

Уобæл берæ рæстæг нæ рацудæй æма рамардæй Хори фурт. Хор æ фурмæтæй æма гъенцъунæй æндæмæ нæбал кастæй, æ тунтæй нæбал æндавта зæнхæ, нæбал ин лæвардта æ гъар. Æма цæрæгойæй, зайæгойæй уазалæй тухсун байдæдтонцæ.

Уæд, æ бæдолæ уæрдуни цалхи буни кæмæн фæммард æй, еци хæпсæ ку исфæндæ кæнидæ Хормæ хатæг фæццæун. Гæппитæгæнгæ имæ исхъæрдтæй еуафони æма ‘й сабуртæ кæнун, хатун имæ райдæдта:

– О Хорти Хор! Нæ царддæттæг Хор! Ду куд æнгъæл дæ, уæхæн бæлах айдагъ дæубæл æрцудæй?!. Уагæр ди мæ бæдоли хузæн хъоппæгъдзæстæ, уорсреу, рæсугъд, æ цуппар къахемæй дæр накæ кæнунмæ ка арæхстæй, уæхæн хъæболæ ку фæгъгъудайдæ!.. Уæд, æвæдзи, дæ цардбæл дæр дæ къох исистайсæ…

Хор ин еци зæгъдтитæ ку æригъуста, уæд æхе нæбал бауорæдта, æ цъухидзаг нихxудтæй æма загъта:

– Кæд мæ биццеу дæ бæдоли хузæн дæр нæ адтæй, уæд, æвæдзи, абони уæнгæ дæр мæхе дзæгъæли хуардтон…

Æма бабæй Хор раздæри хузæн æ цæститидзаг ракастæй дуйнемæ æма кæсуй абони дæр…

… Нæ зонун, аци таурæхъ Тауасити Надесæ ескæд фегъуста æви нæ. Æз ба ‘й æримистон, уæлдайдæр ба, Хор æ зиндзийнадæн ниффæразгæй æхе куд лæдæргæй равдиста, уомæ гæсгæ, уомæн æма уæхæн уавæри уогæй, аци хъиаматгун силгоймагмæ дæр разиндтæй уоди хъаурæ æма зæрди федардзийнадæ, æ кæстæрти адзали ристæй хъонц кæнунбæл нæ фæцæй, æ бон иссæй ниффæразун, уомæн æма ‘й лæдæрдтæй æ иннæ цардæгас кæстæрти гъæуй, куд Мадæ æма Нана, уотæ æ рæвдуд æма ауодундзийнадæ… Æма цитгинæй рахаста, уæдта нерæнгæ дæр ма рæстуодæй хæссуй æ карни зин дæр æма æхцæуæн дæр ка ‘й, æ еци уæргътæ…

Æма мæ уомæ гæсгæ фæндуй рахабæрттæ кæнун аци хумæтæг, фал алæмæти арфиаг менеугутæй æнхæст силгоймаги туххæй. Лæдæрун æй, уой аккаг зæгъуйнæгтæ æнхæстæй раргом кæнуни мæхемæ ци ихæс райстон, уой исæнхæст кæнун мæ кæд хъæбæр фæндуй, уæддæр, æвæдзи, нæ исарæхсдзæнæн. Уомæн æма сæ зæрдæ куд æнкъаруй, уомæн уотид дзурдтæй бавдесæн нæййес. Уæдта æрдзи уогæ дæр нæййес уæхæн дзурдтæ, мади зæрдиуаги æцæгдзийнадæ ирдæй равдесунæн ка исбæзза.

Уой, ку зæгъун, бæргæ лæдæрун, фал уæддæр мæ нифс бахастон, Надесæ æма æ бийнонти карни хабæрттæ ракæнунмæ… Куд мин бантæстæй, уомæн ба æвдесæн уæхуæдтæ, мæ финст мин ка кæсдзæнæй, еци дзиллæ…

## ЗÆРДРОХСÆЙ СÆ ЦАРДИУАГÆ АРАЗТОНЦÆ…

Мæ дзубанди ба райдайуйнаг дæн мæнæ ауæхæн гъудийæй. Куд хуæнхбæстон, уотæ нæ адæммæ рагæйдæр ес фæткæ нæ царди берæ цидæр растауйнæгтæ хуæнхти бæрзæндти хæццæ барун. Е фулдæр хæттити раст фæууй. Фал нæ цардарæзти ба уæддæр ес уæхæн ахсгиагдзийнæдтæ, кæцитæ еци бæрзæндтæй уæлиаудæр æвæрд цæунцæ – етæ ба алкæддæр адтæнцæ æма нерæнгæ дæр ма æнцæ лæги кадæ, лæги ном.

Царди æнæфенхуæрсгæ уагæвæрдæй еу уæхæн æй, æма адæймаг æ хестæртæ сæ кари ку бацæунцæ, уæд сæхебæл уоййасæбæл нæбал фæттухсунцæ. Уæлдайдæр ба, цæуæт æма цæуæти кæстæртæ кæмæн фæззиннуй, еци ниййергутæ – сæ цийнæ, сæ мæтæ, сæ фæдонтæ исунцæ. Сæ бартæ сæ кæстæртæмæ раттунцæ. Еци фæткæй ба æнтæсуй иннæ ахсгиаг фæткæ – ниййергутæ сæхуæдтæ ку нæбал фæуунцæ, уæддæр син сæ ном, сæ тог æма сæ муггаг, сæ цæуæт æма сæ цæуæти цæуæт фæххæссунцæ.

Лæгæн æ ном æхецæй исфедауй. Лæгъузбæл лæгъузи ном исбадуй, хуарзæн ба æ ном дæр хуарзæй байзайуй.

Ездон лæг æхе хæдзари дæр иуазæг æй, е æ царди фулдæр рæстæг æхсæнади гъуддæгути сæрбæлтау ку рарветуй, кадæ æма намуси аккаг дæр уæд фæууй.

Еуæй-еу адæймæгутæ сæ цардæн аргъ кæнун нæ фæззонунцæ. Царв æма сæ мудæй хæссæ, папулин уæледарæси сæ дарæ, уæддæр царди адæ нæ фæллæдæрунцæ. Некæд нецæмæй бафсæдуй сæ цæстæ, мулкгæнгæ рамæлунцæ. Некæд некæми син ракæнунцæ сæ хуарзи кой, неци ниуадзунцæ сæ фæсте растауйнагæй. Иннæ адæммæ бæрзондæй фæккæсунцæ, раст цума цæргæси хузæн мæргъти паддзах фæуунцæ. Фал сæхе фæссайунцæ уомæй.

Уогæ, цæргæсæн дæр еу хузи кæми фæуунцæ æ тæхæнтæ! Идардмæ фæккæсуй, идардмæ фæууинуй, бæрзæндти тæхун æй фæффæндуй, нихкъуæрæнтæй æхе багъæуай кæнунмæ хуарз фæййарæхсуй. Фал уæддæр зин æй цæргæсæн дæр, мæргъти паддзахæн. Æма уæд хумæтæги адæймагæн ба æнцон куд уа?.. Нæ ин ес цæргæси равгитæ, бустæги ба силгоймагæн, ниййерæг мадæн.

Уомæ гæсгæ мæ финсти сæйраг дзубанди уодзæнæй мади карни фæдбæл, æ зæрдрист æма цийни туххæй. Баруагæс уи уæд, некема исхъаурæ кодта мади аккаг дзурдтæ иссерун, уой зæрдæ, гъудитæ балæдæрун æма æнхæстæй равдесун. Фал уæддæр, куд арæхсун, уотæ зæгъон мæ гъудитæ.

Тауасити Сафай фурт Хаджиморат æма Бесолти Умæтий кизгæ Надесæ сæ цард байеу кодтонцæ 1948 анзи. Бесолти киндздзон кизгæбæл берæ дзоргутæ адтæй, фал Хаджиморати нивæ исхаудтæй. Уорсцъарæ, цъæхцæстæ кизгæ æма саухелæ лæхъуæн хуарз федудтонцæ еумæ. Сæ амонд æма сæ цард иссæнцæ еумæйаг дæс æма дууинсæй анзей дæргъи. Сæ уинд зæрдесгæ, сæ каст фæлмæн, лæдæргæ, уоди кондæй цъаййи донæй кæдзосдæр, ходæзмолæ, ходæндзаст…

Хуæрзæригонæй бавзурстонцæ фæллойни уаргъ, фæууидтонцæ тугъди æгудзæг бæнттæ. Колхозон будурти косгæй бафæсмардтонцæ кæрæдзей. Тугъди рæстæги Хаджиморат (гъæубæсти ‘й уарзонæй Дадо худтонцæ) куста механизаторæй, бæргæ томар кодта фронтмæ, фал æй нæ рауагътонцæ, дæсни специалисттæ гъудæнцæ фæллойнадон фронти. Республики нимад цудæй раззагдæрти хæццæ, бæрзонд æнтæстдзийнæдтæ æвдиста, паддзахадон хуæрзеугутæй æнæ хай некæд адтæй. Адтæй имæ цалдæр майдани, Кади грамотитæ, къуар хатти ‘й исæвзурстонцæ депутатæй Ирæфи районы Совети, еу хатт ба нæ республики Сæйраг Совети депутатæй, исаккаг ин кодтонцæ нæ республики æскъуæлхт механизатори кадгин ном дæр. Фидбилизи бæлахи фудæй кустгъон ку нæбал адтæй, уæд иста республикон персоналон пенси.

## ЦАРД ЕЦИ ЦÆУÆГИ ЦÆУЙ, ÆРЛÆУУÆН ИН НÆЙЙЕС…

Дадой берæ уарзтонцæ гъæубæсти, нимад æма кадгин адтæй адæми цæсти. Æ бацуд дæр æма æ рацуд дæр – сæ бунати.

Дадо хуарз ку нæ зудтайдæ е ‘мгарæ æмгъæуккаг Кертанти Тæхири, адтæнцæ кæрæдзебæл æхцул æрдхуæрдтæ. Тæхир зундгонд адтæй æнæгъæнæ республики дæр куд журналист æма поэт. Æма ин Дадо е ‘мдзæвгитæ куд нæ зудтайдæ. Ахид си кæцидæрти дæр радзоридæ.



Хаджиморат (рахесæрдигæй) фæлладуадзæни е ’мгъæуккæгти хæццæ.

***зун кæнун! Еци нифсæй фæрразæнгард уогæй, æ сæр гæзæмæ фæггубур кодта, цæмæй цауæйнонтæн сæ хуæцæнгæрзтæ ма уидтайдæ, æма еци сæррæттæй сæбæл рампурста. Етæ, сирди уодуæлдайдзийнади уæхæн нифсæй ракуддæртæ ‘нцæ æма сæ фуртæссæй фæлледзæги ‘нцæ. Æнагъон бæдæлттæ, фæйййервазтæнцæ...***

Зæгъæн:
*Ци кæнун æз фулдæр уарзт? –*
*Сувæллонæн æ ниххудт.*
*Ци мин радтуй устур маст? -*
*Сувæллонæн æ никкудт!..*

Хуцауи фæрци Тауасити бундор кæстæртæй гъæздуг адтæй. Ниййергути боц рæвдудæй æфсес уогæй, зиндзийнадæ æма гъæуагæ æнæзонгæй, фондз сабийи, æртæ биццеуи æма дууæ кизги: Маирбег, Тимæ, Ермак, Аким æма Заремæ. Сæ еу иннемæй лæдæргæдæр.

Уæлдай боц уарзтæй уарзта Дадо æ цæуæти цæуæти. Раст цума се ‘мгарæ адтæй, уотæ сæ гъæзтитæй сæ хæццæ гъазидæ, сæ авдæнтæ дæр син ахид уозидæ. Æхецæй уæд æнæбæрцæбæл боз уидæ. Кæстæртæ еугурæй ку æрбамбурд уиуонцæ, уæд Наде æма Дадобæл цийфæнди æнкъард бони дæр хор ракæсидæ.

Гъеууотæ, æдзæстхезæй биййнонтæ кадæ æма радæй æрвистонцæ сæ царди бонтæ. Фал се ‘хсæн сау хъæмагинæй адзал фæммедæг æй, фæллух кодта Дадой царди уедæгтæ, – æ биййнонтæй æй байста.

Алли адæймагæн дæр бæрæг рæстæг, бæрæг карæ фæууй æ зунд æма æ хъаурæ хуæздæр бавдесунмæ. Адæймаг æ зæрдиуагæ æма æ гъудитæй адæймаг æй, æнæ уонæй ба къодах уидæ. Æвæдзи, зин цæрæн дæр ин уомæй æй, кæд царди берæ хуæрзтæ ес, уæддæр.

Цард еци цæуæги цæуй, æрлæууæн ин нæйййес. Æ еци фæткæ еугæндзон æй, догæй – догæмæ си неци æйййивд цæуй. Уогæ уойййасæбæл æнæйййевгæ ба уæддæр нæ фæууй, æ исконди цидæртæ фендæрхузон унцæ рæстæгутæ æма дзамантæмæ гæсгæ, уой хæццæ ба ма етæ адæми зундирахасти дæр фæббæрæг унцæ. Æцæг некæци рæстæгутæ æма дзамантæ сæ цийфæнди тухгиндзийнæдти фæрци дæр некæд æма нецихузи райййивтонцæ еу гъуддаг – мади зæрдиуагæ. Айдагъ мади зæрдæ не ‘йййевуй æрдзон исконд – уæртæ кæддæр недзамантæй ба нури уæнгæ дæр мади зæрдæ куд хæстæг есуй æхемæ æ цæуæти цийнæ дæр æма рист дæр, уой хумæтæг дзурдтæй балæдæрун кæнун, мæнмæ гæсгæ, неке бон ма иссæй… Сауæнгæ мадæ æхуæдæг дæр нæ исарæхсдзæнæй уой уотид дзурдтæй æнхæстæй раргом кæнунмæ. Уомæн æма ‘й зæрдæ фæллæдæруй, æма уой ба цъухи дзубандитæй нæ равдесдзæнæ… Мади зæрдæ кæд цийнитæмæ фæббæллуй æма уонæй ниррохс уй, уæддæр ин еци равгитæ ба цард алкæд нæ исаккаг кæнуй, зинтæ дæр ин бавзарун кæнуй… Æма уонæй ба уæлдай хъæбæрдæр фæрресуй, уой дæр уойбæрцæбæл æгæронæй, æма æ цæргæ-цæрæнбонти си нæ банцайуй еци рист. Тухамæлттæй хæсдзæнæй зинти уаргъ... Нæ фидтæлтæ хумæтæги нæ зæгъиуонцæ: «Ниййерæг мади зæрдæ ресагæ ‘й, æ рист ба æностæмæ не ‘нцайуй…»

Куд нæ уа Наде æнкъард, æ зæрдæ цалдæр хатти уойййасæ уæззау зинтæ бавзаргæй. Ниййергутæ сæ сабийти фæгъгъомбæл кæнунцæ, сæхе уодтæй хъæбæрдæр син фæттæрсунцæ. Адзал ба син æй сæ гъæбесæй рарæдовуй. Æгириддæр имæ нæ багъаруй, еци æверхъаудзийнадæ цæйбæрцæбæл тæрегъæд æй, цæйбæрцæбæл гъезæмарæдзийнадæй сæ исуаргъгин кæнуй сæ уæлзæнхон царди кæройнаг бони уæнгæ... Райзайунцæ ниййергутæ зæрдсастæй, бустæги ба мадæ, кæугæ-кæугæй, къолбæрзæйæй, иуонгбастæй:

*Адтæй хуæрзконд æма æмбаргæ,*
*Хизтæй зæрдити æ лигъз каст.*
*Кодта æхемæ е æздахгæ*
*Махæй алкæмæ дæр æ уарзт.*

Уæхæнæй гъуди кæнæн Надей киндзæ Хъамболти Хъазбеги кизгæ Альбини.



Астæуккаг рæнгъи бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Надесæ, Хаджиморат æма сæ фурт Маирбег; æртиккаг рæнгъи лæуунцæ Аким æма Альбинæ; разæй ба лæуунцæ сæ цæуæт Тотраз, Сабинæ æма Инал.

Тауасити къæсæрбæл æрбакъахдзæфæй фæстæмæ бæрзонд хаста киндзи ном. Æ цардæмбал Акими хæццæ хестæрти зæрдитæ рохс кодтонцæ æ хуæрзæгъдаудзийнадæй, æфсармæ æма гъæйтдзийнадæй.

Альбинæ хеуæнтти берæ уарзта, арæхстæй си алке хæццæ дæр цардиуаги хабæртти архайунмæ, Надейæн ба – æ уодæнцойнæ. Ниййерæг мадæ æма æ бæдоли хузæн цардæнцæ – зæрдрохсæй, кæрæдзей уарзгæй. Фал æнæнгъæлти син сæ еци райдзастдзийнадæ æрбайсафта фидбилиз – уалдзигон тæвдæ рæстæги къолæсæри буни гази пец ниггупп ласта, арт раргъавта Альбини æма иссугъдæй. Сæйгæдонæмæ ма ‘й уодæгасæй бæргæ исхъæртун кодтонцæ. Уоми устур тургъи æмбурд дзиллæй лæудтан æнгъæлдзауæй, Хуцауæй курдтан, кæдимайди ба ‘й фæйййервæзун кæнидæ, фал… Адзал фæхъхъаурæгиндæр æй… Нæ уарзон Альбинæн æ рохс дуйне баталингæ ‘й... Нур дæ бон уæд, æма иссерæ уæхæн хъаурæ, цæмæй ин раздахай æ цард… Уотæ ни бæргæ фæндадтæй алкедæр... Фал кæми ес уæхæн æхсарæ ‘рдавгæ, мардæн райгас кæнуни равгæ кæми ес...

## Æ ЗИНИ ИН ÆКÆСТÆРТÆ НИФСДÆТТÆГ ИССÆНЦÆ...

Рохсаг уо, нæ киндзæ, адтан алкæд дæуæй арази, хуæри хузæн ирдтан ди мах рæвдуд. Нæ зини дæр æма не ‘нцони дæр махæй нæ дæ иронх…

Альбинæ, кæд æ уæлзæнхон цардæй е ‘носон дуйнемæ цардгъæуагæй райевгъудæй, уæддæр уæлзæнхæ ба æ карнæ уойййадæбæл нæ фескъудæй – æ кизгæ Сабинæ ин бæрзонд хæссуй æ ном æма æ кадæ, раст æхе хузæн – рæвдаугæ каст, федауцæ хедард æма цуд, фæлмæн медбилтихудт, æгъдау æма æфсармæ. Абони æй хуарз киндзæ, уарзон мадæ, адæмуарзон синхаг. Мадта Альбинæн æ дууæ фурти Тотраз æма Инал дæр цæунцæ адæми тонхи, фауæ ‘рхæссæн сæмæ нæйййес.

Альбинæ уотæ æверхъауæй ке бастъалдæй, е уойййасæбæл фæрресун кодта Надей, æма æ фурзинæй æ нифс, æ хъаурæ фæссастæнцæ. Биййнонти цардиуаги хабæртти уаргъ фулдæр æхебæл æрæнцадæй, кæд Сабинæ æма биццеутæн берæ æнтæстæй, уæддæр мади сагъæстæ берæ ‘нцæ, сувæллæнттæ бæргæ рагъомбæл æнцæ, фал æнæ мадæй куд уодзæнæнцæ. Уобæл куд нæ рагъуди кæнидæ, æма Аким æхе куд дардзæнæй, æ царди хабæрттæ идарддæр куд уодзæнæнцæ...

Уæхæн гъудити хæццæ цардæй Наде, уотемæй еу ма фудхабар – хестæр фурт Маирбеги кизгæ Дианæ идард араббаг зменсгун зæнхи нигæд æрцудæй, æ мард æрбаласун ин нæ бауагътонцæ. Нæ бафсастæй æ сабийтæбæл цийнæ кæнунæй, хъæбæр цардгъæуагæй æй адзал байста æ тумугъ биййнонтæй.

Надей зæрдрист никки арфдæр фæцæй, фал æхе ниффедар кодта. Иннæ кæстæрти сагъæс кæнун гъудæй, зæрдитæ син æвардта. Етæ дæр æй лæдæрдтæнцæ, бустæги ба – Аким. Адæймагæн царди медæгæ æ мадæй хъазардæр гъæуама маке уа. Мади хъиамæттæ некæд неке бахатдзæнæй, уæдта уæхæн фæндæ дæр маке искæнæд, еци гъуддагæн нецихузи ес исаразæн, æгириддæр ин си неци рауайдзæнæй… Уæддæр адæймагæн æ равгæ куд æй, уотæ ба архайа мади барæвдаунбæл. Надей банимайун, уомæн æгъдау раттун тæккæ устурдæр ихæсбæл нимадта Аким. Уогæ цæуæтæй иннетæ дæр. Уотæ адтæй æма ин æнтæсгæ дæр кодта. Боз си адтæй мадæ, кæд ин еуæйеу хатт рахилæ кæнидæ, уæддæр.

Кустуарзон, æнæзийнадæ, алцæмæ дæр арæхстæй, сауæнгæ ма дзол дæр искæнидæ. Надей къох рæуæг кодта аллихузи. Адæми хæццæ зудта цæрун, берæ ‘й уарзтонцæ, е æ мардæвæрæн бони бæрæг адтæй. Еу бон иннæ хæттити хузæн рацудæй фонс гъуд кæнунмæ, æрæгæмæ ку зиндтæй, уæд мади зæрдæ куддæр æнахур фæкъкъæпп ласта æма рауадæй æскъæтмæ. Æ уодæнцойнæ фурти райййафта уæлгоммæй. Æ зæрдæ банцадæй æ кустæй.

*Ци кæна, ци, дæ мадæ?*
*Кæуйнаг ин æрбадæ.*

Цубур адтæй Акими цард. Дууæ анзей фæсте еума устур бæлах – Ермак дæр еу рæстæги фæсте æносон дуйней амæттаг фæцæй, æртæ бонемæ æрбатæппæлæнгæ ‘й фуднезæй… Надейæн æ ростæ нæма басор æнцæ цæстисугæй, уотемæй иннæ бæдолæ æрбамардæй. Еу иннемæй цардгъæуагæдæр. Наде! Мадæ, Нана, Устур Нана! Дæ берæ кæстæртæ лæуунцæ сæргубурæй дæ рази. Ниссæрфæ дæ цæстисугтæ æма ракæсай: дæ алфамбулай æрбатумугъ æнцæ дæ берæ кæстæртæ, сæ ходун син берæ ку уарзис, дæ цæститæ ку ниррохс унцæ сæ фæууиндæй аллихатт, æма син уо нифсдæттæг.

О, нæ дзæбæх мадæ, дæуæн лæггадæ кæнунæй ка бафсæддзæнæй!..

## ЦИЙФÆНДИ КУ УА, УÆДДÆР БÆНТТÆ ЦÆУНЦÆ ÆМА ФАРНÆ ХÆССУНЦÆ...

Цийфæнди, еу иннемæй уæззаудæр уæхæн зиндзийнæдтæ кæд бавзурста Наде, уæддæр зæгъун æнгъезуй, æма абони гъæздуг æй – уомæн æма æ зæнæгæн ес цуппæрдæс сувæллони, еугурæйдæр цардгъон æнцæ, беретæ си сæхуæдтæ иссæнцæ тумугъ биййнонтæ, зæрдæ сæмæ рохс кæнуй. Мадта уони цæуæт ба æнцæ цуппар æма инсæй. Етæ еумæ ку æрбамбурд уонцæ, уæд кувд нæ, фал киндзæхсæвæри фагæ ‘нцæ сæхуæдтæ. Мадта хæстæгути бæрцæ дæр дзæвгарæмæ хъæртуй. Æ равгæ си кæмæн куд æй, уотæ Надей рази фæуунцæ еудадзугдæр, Маирбег кæдæй косгæ нæбал кæнуй, уæдæй æ мади рази фæууй æма си Хуцау исарази уæд сæ еугуремæй дæр.

*Зæрдæ, ци федар дæ,*
*Зæрдæ, ци карз дæ!*
*Зæрдæ, ци фæлмæн дæ,*
*Зæрдæ, ци хуарз дæ!..*

Æвзаг æнæ ‘стæг æй, фал уæддæр æстæгутæ ниссæттуй, мадта зæрди дæр арф гъæдгинтæ ниууадзуй. Еске зæрдæмæ никкæсæн нæйййес, фал хе зæрдæбæл ба алкæддæр æнгъезуй тæрхон кæнун. Зæрдæ æй тæккæ рæсугъддæр сауæдæнттæй сæ еу æма ин е ‘змæлд лæдæрун гъæуй.

Нур Наде, æвæдзи, ахид никкæсуй æ зæрдæмæ. Æ цардвæндаги берæ аллихузон цаутæ æма хабæрттæй еуетæ, кенæ иннетæ рауайунцæ æ цæститæбæл. Уонæй кæцидæртæмæ гæсгæ хатгай æ медбилти байдзулуй, фал фулдæр хæттити ба мæтъæл, зæрдрист.

Ма ресæ, зæрдæ, ма ресæ, фуд гъуди дæхемæ ма есæ… Бæргæ, мади зæрдæ, ку нæ ресидæ æгириддæр, уомæй хуæздæр уæд ци уидæ!

*О, хъазар мадæ, дæу адæ*
*Ку неке кæнуй мæнæн!*

Наде куд мадæ, куд устур Нана, уотæ кæстæртæн фæззæгъуй:

– Æз Хуцауи дзурдæй сумах хицæмæ уойбæрцæ цæрун, мæ хортæ. Гъæздуг цæмæй исуайтæ, уобæл уæ нæ архайун кæнун. Æз сумахæй æндæр гъуддаг корун: агоретæ зунд, лæгдзийнадæ уæмæ уæд. Уæ рацуди æгъдау куд уа, адæми цæстиварди куд уайтæ. Æнæфидбилиз, зæрдрохс!..

Дзæбæхæй сæбæл цæуæнтæ Надей фæндитæ æ берæ кæстæртæбæл.

Бонтæ цæунцæ æма фарнæ сæ хæццæ хæссунцæ…

***Номдзуд уруссаг литературон критик Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848) уотæ загъта: «Философ зундамонæнтæй фæдздзоруй, поэт ба фæлгонцтæ æма хузтæй, фал дзоргæ ба еци-еу гъуддæгутæбæл фæккæнунцæ... Еу си æвдесæнтæ æрхæссуй, иннæ ба æвдесгæ кæнуй, æма нæ сæ дууæ дæр бауужндун кæнунцæ, ци нин зæгъуйнаг фæуунцæ, уобæл...»***

# ЦÆРÆ ÆМА НИН ЦÆРÆ!..



*... Лексо арф ниууолæфтæй, уотемæй æ фæлмæн цæстингас рахаста сувæллæнттæбæл.*

*– Рацæудзæнæй æнзтæ. Байрæздзинайтæ, исустур уодзинайтæ сумах дæр. Алкедæр иссердзæнæй æ бунат царди. Фал кæмидæриддæр уайтæ, цийфæнди устур бунат ахæссайтæ, уæддæр макæд исуступзæрдæ уотæ дуйней рохс кæми фæууидтайтæ, царди адæ кæми базудтайтæ, еци бæстæбæл, уæ гъæубæстæбæл. Бæласæ æ уедæгтæй федар æй, адæймаг ба – æ райгурæн зæнхæй, æ къабæзтæй. Уæд уин уодзæнæй аргъ адæми 'хсæн дæр, уæ царди гъуддæгутæ дæр уæд цæудзæнæнцæ рæстмæ...»*

*Ауæхæн æй Хæмицати Мориси финст радзурдтæй еуей («Бæласæ æ уедæгтæй федар æй...) кæронбæттæн. Æма 'й хумæтæги нæ æримистан – Морис æ цæргæцæрæнбонти æ исфæлдистадæй дæр æма æ цардæгъдауæй дæр архайуй уобæл, цæмæй нæ дзилли, уæлдайдæр ба нæ ирæзгæ фæлтæрти уодиконди федар кæна рæстзæрдæй Фидибæстæ уарзуни разæнгарддзийнадæ, нæ адæм цийфæнди æгудзæг æма тухст уавæрти дæр ке фæрци тухгин разинниуонцæ, цифуддæр знæгтæбæл дæр фæуузалахез уиуонцæ, еци зундирахаст цæмæй цæрæццаг уа нури доги дæр... Æма æ еци фæллойни нæ фæллайуй, уомæн æвдесæн æнцæ, мæнæ фæстаг рæстæгути Дигори гъæутæй цалдæрей туххæй ци киунугутæ бацæттæ кодта, етæ дæр.*

*Уæлдай æхцæуæн ба нин е æй, æгайтима имæ нерæнгæ дæр ма уæхæн уоди хъаурæ ес. Мориси Иристони беретæ зонунцæ. Зонгæ ба 'й кæнунцæ, куд искурдиадæгин журналист æма публицист. Куста газет «Северная Осетия»-и æма Цæгат Иристони паддзахадон радиой, газеттæ «Стыр Ныхас»-и, Хуæнхон паддзахадон агроуниверситети газет «Хæлардзийнади» сæйраг редакторæй. Æнæкæрон берæ уарзуй спорт, радиойæй футболæй гъазти репортажтæ абони дæр хуарз гъуди кæнунцæ спортуарзгутæ, æ очерктæ æма уацтæ цæунцæ адæми зæрдæмæ, æхцæуæнæй сæ фæккæсунцæ алкæддæр газетти фæрстæбæл.*

*Ес ин, куд не 'мбæлуй, уæхæн уарзæгой зæрдæ. Маст дин неци хузи искæндзæнæй, дæ ристбæл фæрресдзæнæй, дæ цийнæбæл сувæллони хузæн фæццийнæ кæндзæнæй. Багъæуаги, уæлдайдæр æнкъард ку уай, уæд фæндур æрбайсдзæнæй, уæхæн цæгъдтитæ дин æркæндзæнæй æма дæ рист феронх уодзæнæй, базуртæ дæбæл басадздзæнæй.*

*Нæхе Морис! Рагæйдæр лæгдзийнæдтæй хайгин дæ æма сæ царди арфиаг гъуддæгутæй исæцæг кæнис, æма ди уомæй нæ дзиллæ боз æнцæ. Нур дæ лæги кари бацудтæ, æма дæхецæн дæ зæрдæ цидæриддæр зæгъуй дæ биййонти къуари хæццæ, мах дæр дин уой аккаг кæнæн. Æма зæрдрохс, райдзаст уо, нез дæмæ авд агарцемæй хæстæгдæр макæд æрбацæуæд! Цæрæ æма нин цæрæ!*

***Газет «ДИГОРИ» редакций коллектив.***

***Адæймаг æ хестæри кари ку бацæуй, уæд лæмбунæгдæр æма лæдæргæдæр цæстингасæй фæккæсуй дуйнемæ, царди фæззелæнтæмæ. Дæлдæр мухур кæнæн Хæмицати Мориси сагъæстæ æма æ имисуйнæгтæ.***

# РÆСТÆГУТÆ БÆРГÆ РÆСТÆМБÆЛÆГ КУ УИУОНЦÆ...

АДÆЙМАГ ци зæнхæбæл, ци бæсти райгура, уой хæццæ, æ хуарздзийнæдтæ, æ сагъæстæ, æ зинти хæццæ баст куд нæ фæууй æ цард еугурæй дæр? Сувæллон зæрдæбæл дарагæ 'й: нæ гъæу Толдзгуни фиццагидæр (кæд ма ести гъуди кæнун, уæд) махмæ фæззиндтæй радиоприемник, «Родина», зæгъгæ, хундтæй. Мæ фидæ Зелимхан скъолай ахургæнæгæй куста, уоййасæбæл берæ æхца нæ иста, фал си уæддæр рауæлдай кодта æма балхæдта радио. Гъема сæумæраги, æхсæз сахаттебæл, сæрди уа, зумæги, райгъусидæ Кремли сахатти зæлланг, уæдта ниццæгъдиуонцæ Советон Цæдеси Гимн. Уомæй райдайидæ нæ алли бон дæр.

Уæди рæстæги, уæдта уой фæсте æнзти дæр, скъолай ахур кæнгæй, игъосинæ фæстаг хабæрттæмæ Мæскуйæй. Дзурдтонцæ ахид дуйней алли кæрæнтти ци бæлæхтæ, тугъдтитæ, хæлхъойтæ æма лæгъуз миутæ цудæй, уони туххæй. Æз ба цийнæ кодтон – мæнæ ци хъаурæгин, ци домбай бæсти цæрун, тугъдæн, хæлхъойæн нæмæ æ кой дæр нæййес, сабурæй, æнæмæтæй æрветæн нæ рæстæг, кæнæн нæ хабæрттæ. Сæрустур адтæн, еузагъдæй, мæ бæстæй, мæ паддзахадæй, мæ исонмæ нифсгунæй кастæн...

Еууæхæни мæ фидæ скъолайæй иссудæй, цидæр мæтъæл адтæй. Мæ мадæ 'й бафарста, ци кæнис, ести ди ресуй, зæгъгæ. Е арф ниууолæфтæй æма уотæ бакодта:

– Сталини сæри хъанзи тог бакалдæй...

Багузавæ кодта мæ мадæ дæр, зингæ фæммæтъæлдæр æй.

Дуккаг бон ку иссудæй фæсуроктæ мæ фидæ, уæдта еу усмæ неци дзурдта, уæдта æ цæститæ дони разилдта æма мæ мадæмæ æрбакастæй:

– Сталин рамардæй...

Фидæ рандæй фæстæмæ скъоламæ, уоми, гъæусовети рази урух тургъи гъæуама адтайдæ саударæн митинг. Мæ мадæ ба уæрдундони цидæртæ куста. Еу усмæ мæмæ уотæ фæккастæй, цума æхе меднимæри заргæ кодта, фæддес ибæл кодтон, уæхæн хъонцгæнæн хабари фæсте куд заруй, зæгъгæ. Фал имæ лæмбунæг ку байгъустон, уæдта 'й балæдæрдтæн: æхецæн гъарæнгæ кæнуй мæ мадæ. Сабургай кудтæй æма уотемæй цидæртæ архайдта.

Еци бæнтти айдагъ мæ гъæуи цæргутæ нæ хъонц кодтонцæ. Æнæгъæнæ устур бæсти дзиллитæ дæр æнæвгъауæй калдтонцæ сæ цæстисуг, лæдæрдтæнцæ – уæхæн хъаурæгин разамонгутæ, фæтæгтæ æстæн фæуунцæ æма сагъæси бацудæнцæ сæ исонибонбæл, сæ изолдæри цардбæл.

Æма, æцæгæйдæр, рауадæй уотæ, æма домбай паддзахадæ фæккиудтæй, æ хъаурæ, æ ерисхъæ кунæг кæнун райдæдтонцæ. Хуарз ма гъуди кæнун, æхсайæймаг æнзти райдайæни дзолласæн хуæдтолгæмæ куд æнгъæлмæ кæсианæ, уæхæн алли алцæмæй гъæздуг бæсти къæбæр куд исзамана æй, адæм ци тухститæ æвзурстонцæ, уой.

Берæ, æгæр берæ æнæлæдæрд миутæ цудæй нæ уæдиккон цардиуаги, берæ си адтæй гъæладзийнæдтæ, адæми гъезæмарæгæнæг. Абони кæмæдæр ходæг фæккæсдзæнæй, фал цæргутæй бустæги гириз кæнун байдæдтонцæ, нæбал син уагътонцæ берæ фонс дарун. Хæргутæ ба уæлдай, бустæги æнæгъæугæ фиртæнттæбæл нимад æрцудæнцæ, æрæмбурд сæ кæниуонцæ, гуфити сæ бакалиуонцæ æма сæ кумæдæр фæлласиуонцæ, уотæ дзориуонцæ мæргъти фермитæмæ, дан, сæ кæркитæн хуаллагæн...

Фал ма уæддæр нæ исонæн уоййасæбæл нæ тарстан, уæддæр ма паддзахадæ æ къæхтæбæл лæудтæй, æ еуæйеу разамонгутæ хæрæ-уæрæ миутæ кæд ракæниуонцæ, уæддæр.

Æнæ еске агъазæй, æнæ еу къапекк бафедгæй, бацудтæн институтмæ. Ахур кодтон иннетæй лæгъуздæр нæ, сæрди ба студентти арæзтадон къуари хæццæ Казахстанмæ рандæуианæ, аразтан фермитæ, хæдзæрттæ, клубтæ. Къапекк бакосийанæ, е дæр ниййергутæн сæ къох рæуæггæнæг агъаз уидæ. Аллирауæн дæр – изоли, хæстæги – нæхе лæдæрдтан, цума нæхемæ, нæ хæдзари ан, уотæ. Еу бæстæ, еу адæм æма еу уагæвæрд, советонтæ еузагъдæй.

Еу хатт ба дууинсæй сомей хæццæ ниммедæг дæн Ашхабадмæ. Æфсади ку адтæн, уæд уоми еу дзæбæх туркменаг биццеуи хæццæ балимæн дæн, æ ном Бешим, æ муггаг ба Курруков. Ахид мин дзоридæ служби фæсте мæмæ иуазæгуати æрцо, зæгъгæ. Æз æмгъудтæ кодтон, кæми рæстæг нæ адтæй, кæми фæндаггаг. Уæд еууæхæни шифертæ æлхæнунмæ рандæ дæн Кæсæгмæ. Нæ сæбæл исцурæвæрæ дæн, уæд нури хузæн парахат нæ адтæй аразæн æрмæги хабар.

Нæййес, уæд нæййес. Мæ сæри ци фæммедæг æй, магъа, æма дин Минводи аэропорти ку исмедæг уинæ, аст æма инсæй сомемæй Ашхабадмæ билет ралхæдтон æма дууæ сахаттей фæсте Туркменистани балæудтæн. Куд адтæй, ци адтæй, уобæл нæ дзордзæнæн, цалдæр бони си фæддæн, хъæбæр мæ исиуазæг кодта Бешин, уорæдта ма мæ, фал нæхемæ айфонмæ цитæ кæнунцæ, зæгъгæ, ратахтæн. Сæумæ ратахтæн, фæсарæфти цуппар сахаттебæл ба нæ гъæуи адтæн. Æрхаудтæй мæмæ си уайдзæфтæ ниййергутæй... Гъай-гъай, æригонæй адæймаг устурзæрдæ фæууй, хатгай изолдæр нæ рагъуди кæнуй.

Уой цæмæ гæсгæ дзорун... Нур ба ма равзарай уæхæн балци ракæнун! Хæстæг фæсарæнтæ нин иссæнцæ нæ раздæри æнсувæрон республикитæ...

1991 анзи мæбæл æнзтæ дæр цудæй, фæллæдæргæ дæн, мадта куд фæууй. Æма мæмæ багъардта, мæ Райгурæн бæстæ, мæ Фидибæстæ тæссаг билгæронбæл ке 'рлæудтæй, е. Æндагон нæуарзæгойти бон ин сæ комкоммæ знаггадæй неци бацæй, фал æй медæзнæгтæ ба нæ астæу сабургай æхсидтонцæ æма ниггупп кодта... Æнæ устур тугъд, æнæ




хæлхъой, æнæ 'ндæрæй. Рæсугъд, сайæн, бæрзонд дзубандитæй нин нæ гъостæ æхснадтонцæ, метин мæсгутæ нин амадтонцæ, уотемæй.

Китайæгтæ, еске ку фелгъетунцæ, уæд ин уотæ фæззæгъунцæ: «Устур хæлхъойтæ, устур æййивддзийнæдти доги цæргæ дин рауайæд...»

Махмæ дæр уæхæн хæлхъой догæ æрхаудтæй. Нæ муггаги хестæр, Хæмицати Алийхан, рохсаг уæд, сæдæ анземæй фулдæр фæццардæй. Райгурдæй капитализми доги, æ царди фулдæр рæстæг рарвиста социализми, уæдта бабæй дзихъирт нæуæгæй капитализми æгъдæуттæ фæууидта.

Мах фæлтæрæй ма, нæ зонун, сæдæ анзи еске фæццæрдзæнæй, фал мах социализм бавзурстан, капитализм уинæн нæхе цæститæй. Изолдæр ба ма ци уодзæнæй, цо, ба 'й зонæ...

Гъе уотæ 'й, адæймаг куд фулдæр цæра, уотæ фулдæр хабæрттæ, фулдæр дессæгтæ æма гъуддæгутæ уинуй. Æцæг, нивгун ба уæд фæууй, æма си æ зæрдæ ку рохс кæна...

**Дипломатон косæги Бон бæрæггонд цæудзæнæй 10 февралы. Уæрæсей Президенти Указмæ гæсгæ нисангонд æрцудæй 2002 анзи 31 октябри – Уæрæсей фæсарæйнаг гъуддæгути 200-анзон юбилейи кадæн.**

*Индий фарни лæг æма зундамонæг Рабиндранат ТАГОР (1861-1941) уотæ загъта: «Ес уæхæн уарзондзийнадæ, арвбæл сæребарæй ка накæ кæнуй. Еци уарзондзийнадæ тафс хæссуй уодæн. Фал ес уæхæн уарзондзийнадæ дæр, кæци аллибони гъуддæгути багъаруй. Уæхæн уарзондзийнадæ ба тафс хæссуй бийнонтæн...»*




ХÆМИЦАТИ Морис æ мадæ Катяй хæццæ (бийнонти архивæй ист рагон къарæ).

# ÆЗ ТУГЪДИ НÆ АДТÆН...

... ÆМА БАБÆЙ цæстити размæ æрбалæууунцæ ме 'взонги æнзтæ.

Зуймон гъизт бон. Тухтæ – фудтæй ма скъолайæй нæхемæ исервазтæн. Мæ фий æма ростæ цивзи хузæн ниссурх æнцæ, зекъæ ехи къæрт фестадæй, нæбал лæдæруй æфцæкъуати бамбæлд дæр. Къохи æнгулдзитæ, пахсати къæбæлти хузæн, ниппака 'нцæ. Сæ еуебæл мæ хизин ратела-батела кæнуй. Хуарз æма си киунугутæ берæ нæййес, рæуæг æй.

Нæхемæ мин мæ мадæ мæ салд цулухътæ фелваста. Пеци тæвдæ духовкæмæ хæстæгдæр æрбадтæн. Еуминкъий мæхемæ æрцудтæн. Гъар кæрдзин æхсири къоси хæццæ нинсастон, мæхемæ хуарз фæккастæн æма фегъæлдзæгдæр дæн. Æрмæст, æндегæй къæразги тæрвазæбæл мæтъæлæй ци сирддон цъеутæ змæлунцæ, уонæн тæрегъæд кæнун. Не 'ндеунцæ, æндæра син хæдзари дуар бакæнинæ æма сæхе багъар кæниуонцæ.

Скъолайæй исхъæрдтæй мæ фидæ Зелимхан дæр. Райдайæн къласти ахургæнæгæй косуй. Баргъæвстæй. Тæнæг пъæлитой цанæбæрæг тавст ес. Æ къохтæ даруй пеци сæри тæвдæмæ. Æ рахес къох уазалæн æгириддæр нæ бухсуй. Гъарæй ба ин бафсес нæййес, цæхæри æй ку батъунса, уæддæр. Фашистон Германий тугъдон заводтæй кæцидæр ци минæ рауагътонцæ, уой æгъатир æсхъес мæ фиди цонгбæл агъазиау нос нииуагъта. Раскъудта ин æ хъеутæ. Æма бампулдæнцæ, батадæй сæ хъаурæ. Къохæн ма айдагъдæр æ бакаст байзадæй. Фал уæддæр галеу къохæн е 'нхуси хай кæнуй, бустæги æдзæллагмæ æхе нæ уадзуй.

– Уæхæн соцъа ма уодзæнæй! – хъур-хъур кæнуй фидæ. – Сæумæй-рæфтæмæ фендзарстан нæ къласи, уæддæр æвгити ех не 'ртадæй.

Раласта æ пъæлито, æрбадтæй стъоли уæлгъос. Мадæ ин хуæруйнаг æрæвардта.

– Биццеу, дæллаг гъæдæмæ согмæ ку бауайанæ, – дзоруй мæмæ хуæргæ-хуæрун. – Уæртæ ма софгæдæни цидæр къуæцелтæ ес, фал етæ сæуми фагæ дæр нæбал æнцæ.

Е ба ма дин нæуæг хабар! Ауæхæн уазали – гъæдæмæ!

Иннæ бæнттæ, миййаг, миститæ ку нæ бахуардтонцæ. Уогæ ма нæмæ сог дæр ес еуцалдæр боней фагæ. Нигъгъос дæн, неци дзорун. Никки ма мæ мадæ дæр мæ сæрбæл исдзурдта.

– Биццеуæй ба ма ци кæнис, надбæл дин ескæми ку ниссæла, уæдта?

Неци загъта мæ фидæ. Фæлладхузæй арф ниуулæфтæй, æ зæронд кæрцæ æрбайста æма æндæмæ рахизтæй. Æз бацийнæ кодтон. Къæразгæй ракастæн. Фидæ нæ гал Мишки исефтигъта, хуаси цъопп цонæгъи багæлста. Думгæ мети пурхæнтæ тургъи къумти ратæрæ-батæрæ кодта. Æхсæрæ цъеутæ къæразги тæрвазæй ниппæррæст кодтонцæ æма уæрдундони тугури сæхе баримахстонцæ.

Мæ фидæ рандæй. Æз библиотекæй ке 'схастон, еци нæуæг киунугæ кæсунбæл фæдтæн. Фал си сæрмæ неци цудæй. Мæ цæститæбæл рауадæй: метæй æмбæрзт зуймон гъæдæ; бæлæсти цъоппити думгæ скъот кæнуй. Мæтъæл уæлдæфи еуæй-еу хатт райгъусуй æргъæвст халони зæрдмарæн уаст. Мæ фидæ гал къотæрти аууони баримахста, уоми уотæ хъæбæр нæ думуй. Æ размæ ин хуасæ æрæвардта, æхуæдæг ба бавналдта сог кæнунмæ.

Гъæди схъестæ фæрæти цæфæй идардмæ фесхъеунцæ æма арф мети ранигъулунцæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ фидæ æ цæф къох æ рони рацæвуй, кенæ ба æй комуолæфтæй рагъар кæнуй æма бабæй нæуæгæй лух кæнуй салд бæласи къалеу. Бæргæ æй фæндуй еске хæццæ радзубанди кæнун, уæд ин игъæлдзæгдæр уайдæ косун, цонги рист дæр минкъийдæр лæдæридæ. Фал кæми? Æ фурт гъар хæдзари æхе балхъивта. Мишкæ ба адæймаги дзурд нæма лæдæруй.

Цума мæ мæ къелайæй еске фесхъеун кодта, уой хузæн фæдтæн. Цæстифæнникъулдмæ мæхе рарæвдзæ кодтон.

Мадæ мæ минкъий æнсувæрæн хуæруйнаг дардта. Десгæнгæй мæмæ æрбакастæй. Æвæдзи мæ рафæрсуйнаг адтæй, дидинбиндзæ дæбæл фæххуæстæй, ци кодтай, зæгъæ, фал уæдмæ æз фендæдуар дæн.

Еци бон æз æма мæ фидæ дууæ къуæрей фагæ сог æрбаластан.

***

Сувæллон, дан, неци иронх кæнуй. Раст зæгъунцæ. Цума æзинæ адтæй аци хабар, уотæ мæ цæститæбæл уайуй.

Алли сæрди дæр нæ хуæнхаг хæстæгутæмæ, мæ мади 'рвадтæлтæмæ цардтæн. Бонизæрмæ ме 'мгарæ биццеути хæццæ, хургæркити астъæнттæ агоргæй, фæрратæхæ-батæхæ, цит, кодтан. Хæргутæбæл догъ исарæзианæ. Ерис кодтан дор æхсунæй. Изæрдалингти ба гъæуи астæу нихæси цæмæдесæй игъустан уорсхакъæгин зæрæндти таурæхътæмæ. Арф комæй игъустæй Ирæфи æнæрлæугæ дони зуст цæхъал. Æфсес гъоцитæ идзаг фæздæнтти хæццæ æздахтæнцæ хезнитæй, агурдтонцæ сæ уæсити. Сæнари хъуæцæ гъузтæй хуæнхаг тъæпæн уæлиндзити сæрти æма тадæй кæдзос уæлдæфи. Адтæн æнæмæтæ, сæрæн, игъæлдзæг. Идзаг цæститæй зудæ каст кодтон дуйней рæсугъддзийнæдтæмæ, ме 'фсес си нæ зудтон. Мæ фусунтæмæ ку иссæуинæ, уæд-еу хатгай хуæрун дæр нæ кумдтон, уайтæккæ адгин фунти гъæбеси, цит, ранигъулдтæн. Сауæнгæ сæумæмæ мæ къах дæр нæбал рателинæ.

Фал еухатт æмбесæхсæви райгъал дæн. Хуссæгигъæлдзæгæй еу усмæ неци ралæдæрдтæн. Мæ гъостæбæл рауадæй кедæр сабур кæун. Æз хустæн, хестæртæ кæми адтæнцæ, еци уати. Куд нæ базудтайнæ зæронд Марихани гъæлæс! Уосæ кодта сабур гъаргæ.

Балæдæрдтæн: сæ кæстæр фурт Геуæрги службæ кодта изол Камчатки, рагæй дæр си пъисмо нæ 'дтæй, уæдта хабар игъусун райдæдта, е 'мбал салдæтти хæццæ кæмидæр командировки уогæй, надбæл бурдæни бахаудтæнцæ æма басудæнцæ, зæгъæ. Мадæ æма фидæн бæлвурд нецима дзурдтонцæ, фал нийиерæги зæрдæ зонагæ 'й, цидæр хузи балæдæрдтæнцæ гъуддаг æма сæхе меднимæри гъенцъун кодтонцæ, уæззау сагъæсти бахаудтæнцæ.

Талингæ уати мæ цæститæй неци уидтон, нигъгъос дæн. Марихани лæг мæ мади фидæ Заур æ цардæмбали унгæг, æрхæндæг гъæлæсæй сабур кодта, зæрдитæ ин æвардта, кæдимайди биццеу дзæбæх уидæ, нæ хæдзарæ дзæбæхæй исседæ, зæгъæ. Фал, æвæдзи, æ дзурдтæ æхецæй дæр не 'руагæс кодтонцæ, фæстагмæ æхе нæбал бауорæдта æма е дæр искудтæй…

Уæдмæ бон кæнун райдæдта. Къæразгæй мæмæ зиндтæнцæ идард стъалутæ, тæбар-тубур кодтонцæ Къæрæугоми цъетей сæрмæ. Мæйи æвзестæхуз сикъа ниннигъулдæй тар хуæнхти фæсте, æрмæст ма æ еу минкъий гæбаза æрттивта Уазай цъоппи хуæд фарсмæ. Дуйне нерæнгæ нæма райгъал æй.

Ами ба, талингæ уати, дууæ нийиерæги сæ зæрдити ристæн хуасæ нæбал ирдтонцæ, хуæздæр мадзалæн ма син байзадæнцæ сæ содзагæ цæстисугтæ. Мæн фунæй æнгъæл адтæнцæ. Æрхунæй сæ зæрдæ байдзаг æй. Мæ билтæ зир-зир кæнун райдæдтонцæ. Гъæдздзоли буни арфдæр нибурдтæн. Гъар сауæдæнттæ мæ тæвдæ ростæбæл дæлæмæ уадæнцæ. Нæбал балæдæрдтæн, кудтæвæлладæй, хæкъурцгæнгæй куд бафунæй дæн, уой.

... Мæ фидæ циуавæрдæр финги уæлгъос ку бадидæ, уæд еу седт дæр нæ иронх кæнидæ. Сикъа исесидæ. Æ бунатæй исистидæ. Фæллад, мæтъæл цæстингас адæмбæл радаридæ: «Тугъди будури ка байзадæй, еци фæсевæди рохс ном иссерæн. Уæхæн зиндзийнадæ нæбæл макæдбал æрцæуæд!..»

***

Æз тугъди нæ адтæн, уæддæр еци доги хабæрттæ æма цаутæ сæ рист æма сæ зинтæй мæ зæрдæн имисуйнаг æнцæ… Службæ дæр, мæ афонæ ку æрхъæрдтæй, уæд бакодтон. Фал еци хабæртти хæццæ баст гъуддæгутæ ба мæмæ, сауæнгæ минкъий биццеу ма ку адтæн, уæд гъарун байдæдтонцæ…

**ХÆМИЦАТИ Морис,**
***журналист, финсæг.***


Мæ фидæ Хæмицати Базжей фурт Зелимхан дæс æма инсæй анзей бæрцæ бакуста Толдзгуни скъолай райдайæн къласти ахургæнæгæй. Аци хузи æ ахурдзаути хæццæ урокти астæу уолæфæн рæстæги скъолай тургъи. Къарæ ист æрцудæй, æвæдзи, 50-аг æнзти кæрони.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

Хæмицати Зелимхан тугъдмæ рандæй 20-анздзудæй. Адтæй къохи пулеметтæй æхсæг 2-аг Украинаг фронти полктæй еуеми. 1944 анзи 20 августи уæззау цæф фæцæй. Авд мæйей дæргъи 'й дзæбæх кодтонцæ Казахстани Семипалатински госпитæли. Æ райгурæн гъæу Толдзгунмæ исæздахтæй 1945 анзи. Хуарзæнхæгонд æрцудæй æфсæддон хуæрзеугутæй, Кади гæгъæдитæй.


ХÆМИЦАТИ Морис æ кизгуттæ Маринæ (астæуæй) æма Ларисæ хæццæ (бийнонти архивæй ист рагон къарæ).

**Еугур Уарзæнтти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 14 феврали. Еци бон уарзæнттæ кæрæдзей барæвдаунцæ аллихузон лæвæрттæй, зæрдтагон финстæгутæй... Уогæ уæхæн ауодундзийнадæ æ бунати ку уидæ алли бон дæр – æнæгъæнæ анзи дæргъи.**

***Дууæ синхонæй еу зулундзæстæ адтæй, иннемæн ба æ къох æрдæгхускъæ. Кæрæдземæн зæрдиаг салам дæр нæ лæвардтонцæ. «Дæ хуарзæнхæй, ескæд мæмæ лæги хузæн дæ къох æрбадæттæ», – бауайдзæф кодта зулундзæстæ иннемæн. Æма ин уæд иннæ бауайдзæф кодта: «Æма мæмæ ду ба фæрсæрдæмæ куйии каст ци фæккæнис?..»***



**ХÆМИЦАТИ Морис**

# САУÆР – ÆВДАДЗИ ХУАСÆ

**радзурд-имисуйнаг**

АВГУСТИ дуккаг æмбеси еуцалдæр хатти хъæбæр устур уарунтæ æрцудæй, уой фæсте ба дессаги дзæбæх, хоргун бæнттæ искодта. Федар сæумæраги фестидæ, хестæртæн е 'нхуси хай бакæнидæ, уæдта е 'мгæртти хæццæ æрвиста рæстæг. Къадати фалдзостæ кæци къумæй нæ ракæсиуонцæ сæумæй изæрмæ, уæхæн нæбал байзадæй. Сауæнгæ ма си хуæрун дæр феронх уидæ еуæй-еу хатт. Ахид, цит, цудæнцæ гъæуи фæсте игуæрдæнтæмæ дæр. Бæзгин, хуæрздæф кæрдæги астæу устур дортæбæл агурдтонцæ гъæддаг мудибиндзити æвæрæнтæ – тæнæг цъарæй æмбæрзт минкъий хъулуфтæ. Фæкъкъæрт æй кæнæ, æма дин си цайцумæн уедуги дзаг бæзгин, таргомау муд. Раст зæгъгæй, æ адæ хæдзарадон биндзити муди хузæн æнхæст на 'дтæй, зинна-нæзинна мæстхалуг хаста, фал уæддæр бицщеути зæрдæмæ хъæбæр цудæй. Алке дæр къуæцæлæй исамайидæ æхецæн минкъий фиййаги хузæн, æма уомæй хуардтонцæ муд.

Еу хатт ба сæ Сослан фæххудта, Ирæфи æндаг билгæрони ци сауæр адтæй, уордæмæ. Еци сауæри кой Федар ахид фегъосидæ. Цалдæр анзей размæ имæ Айдарухъ дæр фæццудæй. Æ ахсæн ресидæ, æма си хуасийнæ æнгъæлæй баниуæзтитæ кодта, уæдта ма си æ хæццæ дæр раласта Фæрбунмæ устур нарæгхъур авги дзаг. Е ин фенхус æй æви æндæр ести, фал уой фæсте Айдарухъ æ уасæ иссирдта, еудадзуг ахсæни ристæй нæбал гъаст кодта. Æцæг, тæрсгæ дæр хуарз фæккодта – уæд сауæрмæ дзæбæх бацæуæнтæ нæма адтæй, айдагъдæр имæ Ирæфи гулфæнтæ æма ирайгæ уолæнти сæрмæ къубуртæбæл бахезиуонцæ. Айдарухъ дæр имæ устурзæрдæй еунæгæй фæррраст æй, æнцондæр æма æдасдæрæй куд бацæун гъæуй, уобæл гъæуккæгтæй неке бафарста, уотемæй. Гъема минкъийтæбæл донмæ нихxаудтайдæ – æ къах фæггурдæй цъифæ дорбæл, фал ма куд Хуцау хуарз, къубури тегъæбæл дууæ къохемæй хуæст фæцæй, æхе ниууорæдта...

Нур сауæрмæ дзæбæх къахнад иссæй, бицщеутæ имæ æдæрсгæй бацудæнцæ. Федари фиййи хъæлтæбæл циуавæрдæр æнахур тæф рауадæй, Сослан уорс финкæкалгæ донæй гъæдин къоппа ку байдзаг кодта æма имæ 'й ку балæвардта, уæд. Федар си арæхстгай исахуста æма 'й фæстæмæ бадаргъ кодта Сосланмæ – æгæр цæхгун имæ фæккастæй.

– Дæ зæрдæмæ нæ цæуй, уомæн æма ди неци ресуй, – загъта ин Сослан. Еуæй-еуетæн ба æвдадзи хуасæ 'й аци дон. Будури гъæутæй дæр ма æрбацæунцæ нæ сауæрæй ниуазунмæ...

Иннæ бицщеутæ дæр си берæ нæ баниуазтонцæ, алке дæр си фæйнæ цалдæр хуппи искодта, уæдта æрбадтæнцæ сауæри рæбун дортæбæл къубури ауони. Дзубанди син райеудагъ æй. Сослан, куд сæ еугурей хестæр, радзурдта, сауæрти тухxæй зæрæндтæй, уæдта скъолай ахургæнгутæй цитæ фегъосидæ, уой. Сауæнгæ ма медкоми иннæ рауæнти ци сауæртæ адтæй, уони дæр зудта – ка си куд хуннуй, циуавæр нeзтæ дзæбæх кæнуй... Кудфæстæмæ сæ дзубанди рахæттæй хуæнхти хурфи римæхст хæзнатæмæ.

– Мæнæн баба уотæ фæдздзоруй, æма, дан, мах хуæнхти хъæбæр берæ ес изди, æвзестæ, сауæнгæ сугъзæрийнæ дæр, – загъта Æфсæддон. – Ахургонд адæм, геологтæ сæ хонунцæ, алли анз дæр ами фæккосунцæ æма æнæ ести иссергæ нæ фæуунцæ. Æцæг, дан, еци хæзнатæ агорун æма къахун æнцон нæй – æгæр арф римæхст æнцæ хуæнхти хурфи.

Уой фæсте ба бицщеутæ ракодтонцæ хуæрунмæ бæзгæ зайæгойти кой дæр. Уæркъитæ, скъелдзу, саунæмуг, гæнгæли, цагъана – ци ба нæййес медкоми игуæрдæнти, хумти æма гъæдбунти! Кенæ ба си ци дессаги хуæрзадæ æма федар фæткъу зайуй!

Бицщеутæ дзурдтонцæ. Федари зæрдæбæл ба æрлæудтæй, æ мадæ ин еухатт ци хабар ракодта, е. Цæветтонгæ, уæд ма минкъий кизгæ адтæй Катя. Еухатт сæ синхи уоститæ дабонæмæ цудæнцæ, æма Катя, уæдта æ кæстæр æнсувæр Хадой дæр сæ хæццæ фæххудтонцæ. Сæумæйраги рандæнцæ, æма син дзæбæх бантæстæй, фæсарæфтæмæ сæ голлæгутæ байдзаг æнцæ. Фал ма изæрмæ дзæвгарæ рæстæг байзадæй. Рандæнцæ нæуæгæй дабонгунмæ уоститæ, сувæллæнтти ба уæргъти рази ниууагътонцæ, тагъд фездæхдзинан, сумах ами фæллæууетæ, зæгъгæ.

Хор раги нифтудæй, æризæр æй, талингæ кæнун райдæдта, силгоймæгтæ ба уæддæр некæцæй ма зиндтæнцæ. Сувæллæнттæ тæрсун райдæдтонцæ. Хуарз æма Хадой дзиппи спичкитæ разиндтæй. Сæ рæбунтæ цидæр хускъæ согтæ адтæй, уони еу рауæнмæ æрæмбурд кодтонцæ æма сæбæл зинг бафтудтонцæ. Уайтæккæ дæр устур арти циренмæ ниррохс æнцæ сæ фалдзос къубуртæ, нæзи бæлæстæ. Хуæрæ æма æнсувæр уотæ хъæбæр нæбал тарстæнцæ. Арти фарсмæ бадтæнцæ æма сæхецæн нифсæвæрæн дзубандитæ кодтонцæ. Уæдмæ хæстæг бæлæсти бунæй, æхсæви тарæй æ сæр радардта циуавæрдæр минкъий сирд. Уайтæккæ фæййауyон æй, уæдта бабæй иннердигæй æрбазиндтæнцæ æ циргъ къембур æма æрттевгæ цæститæ. Сувæллæнттæ хуарзау нæбал адтæнцæ, устур тас си бацудæй. Уæддæр Хадо, æцæг лæгау, еугур хомухæй æхе нæ равдиста. Кæд æ минкъий зæрдæ реуæй исгæпп кæнунмæ багъавидæ, уæддæр цæфсгæ æхседарф фелваста æма 'й сирдбæл фехста, æхуæдæг ба ма ибæл æ гъæлæсидзаг дæр нигъгъæр кодта. Сирд фæццидæр æй, фал уæдмæ арт дæр минкъийгай хуссун райдæдта, согтæ ба хæстæг некæмибал адтæй. Дабондзаутæ дæр нæма зиндтæнцæ.

– Ести кæнун гъæуй, а хуарз хабар нæй, – сагъæсхузæй дзурдта Хадо, æ хуæрæ арти фарсмæ дзоццæги куд бадуй æма æ цæстисугтæ куд нихъуæруй, уомæ тæрегъæди каст кæнгæй.

– Гъæйдæ уæртæ еци устур бæласæмæ исхезæн, уæдмæ ба не 'мбæлттæ дæр зиндзæнæнцæ.

– Нæ хæрæг ба уæд ци фæууодзæнæй? – хæкъурцгæнгæй бафарста Катя.

– Хæрæги дæр бæласæмæ исиваздзинан, мæнæ нæмæ бæттæн дæр ес, – цума дзубанди дæркъæ кенæ минкъий къæбусбæл цудæй, уоййау нифсгунæй дзуапп равардта Хадо.

Цитæ кодтайуонцæ æхсæвигон тар гъæди еунæгæй, Хуцау зонуй, фал уæдмæ сæ нивæн фæззиндæнцæ уоститæ дæр. Хъæбæр сæбæл ниццийнæ 'нцæ, æгайтима дзæбæх айтæ, мах ба сумахбæл ку мæтæ кодтан, зæгъгæ. Цæветтонгæ, гъуддаг уотæ рауадæй, æма æгæр бадзебæл æнцæ дабонæ æмбурдгæнгæй, фæстæмæ ку рацудæнцæ, уæдта талинги сæ надбæл дæр рарæдудæнцæ.

– Хуарз, æма еци адæгти еугур дзæгъæл нæ фæцан, æндæра аци сувæллæнттæ цитæ кодтайуонцæ, – æ сæр бателидæ уоститæй сæ еу, Сафят.

Аци цау Катя берæ хæттити дзурдта æ цæуæтæн, æма 'й Федар дæр уомæй хуарз багъуди кодта. Æцæг еци дабонгун бунæттæ кæми 'нцæ, уой зонгæ нæ кæнуй. Цума ин уони бабæрæг кæнунæн ба кæд фæуyодзæнæй равгæ!

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№258.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 09.02.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти тухxæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**